



# Enfòmasyon osijè Mwazi (mous) ak Imidite

Toujou gen mwazi k ap pouse kèk kote – nan lè a ak sou anpil sifas. Mwazi egziste sou Latè depi plizyè milyon lane. Mwazi pouse tout kote ki gen imidite.

## Mwazi ak Sante w

Si yon moun ekspoze nan anviwònman ki imid ak mwazi, sa gendwa koze divès efè sou sante oubyen li gendwa pa gen okenn efè ditou. Sèten moun sansib a mwazi. Pou moun sa yo, mwazi gendwa pwovoke nen bouche, iritasyon nan gòj, tous oswa respirasyon ak souf anlè, iritasyon nan zye oubyen nan sèten ka, lagratèl. Moun ki fè alèji ak mwazi gendwa gen reyaksyon ki pi grav toujou. Moun ki gen sistèm iminitè ki fèb ak moun ki gen maladi kwonik nan poumon, tankou maladi obstriktiv respiratwa, gendwa devlope enfeksyon grav nan poumon yo lè yo ekspoze ak mwazi. Se pou moun sa yo rete lwen zòn kote ki kapab gen mwazi, tankou pil konpòs, zèb yo fin taye ak zòn ki gen anpil pyebwa.

Nan ane 2004 Enstiti Medsin (Institute of Medicine, IOM) te jwenn prèv ki te sifi pou etabli yon lyen ant ekspozisyon andedan kay kote gen mwazi ak sentòm vwa respiratwa siperyè, tous ak respirasyon ak souf anlè kay moun ki nònalman ansante; yon lyen ak sentòm opresyon pou moun ki gen opresyon; epi ak nemoni ipèsansitiv kay moun ki siseptib pou devlope pwoblèm medikal sa a ki lye ak sistèm iminitè ki afebli. IOM te jwenn tou prèv limite oswa prèv sijestif ki te etabli yon lyen ant ekspozisyon ak mwazi andedan kay ak maladi respiratwa kay timoun ki an bòn sante.

Anplis, nan lane 2004, IOM te jwenn ase prèv pou etabli yon lyen ant ekspozisyon ak anviwònman imid andedan kay an jeneral ak sentòm vwa respiratwa siperyè, tous ak respirasyon ak souf anlè kay moun ki an sante epi ak sentòm opresyon kay moun ki gen opresyon. IOM te jwenn tou prèv limite oswa prèv sijestif ki etabli yon lyen ant ekspozisyon ak anviwònman imid andedan kay an jeneral ak souf ki kout, ak maladi respiratwa kay timoun ki an sante ak posibilite pou devlope opresyon kay moun ki gen tandans sa a deja. Nan lane 2009, Òganizasyon Mondyal Lasante te pibliye yon direktiv adisyonèl, [Direktiv OMS pou Kalite Lè Andedan Kay: Imidite ak mwazi](#)  [PDF - 2.52 MB] . Lòt etid ki fèk parèt te sijere gen yon lyen potansyèl ant ekspozisyon bonè ak mwazi ak devlopman opresyon kay sèten timoun, espesyalman pami timoun ki siseptib jenetikman pou yo devlope opresyon, epi entèvansyon sible ki amelyore kondisyon lojman gendwa redwi kantite moun ki mouri poutèt opresyon ak alèji respiratwa, men yo bezwen envestige kesyon sa a plis toujou.

Yo poko etabli okenn lyen ant lòt efè negatif sou lasante, tankou [emoraji pilmonè idyopatik grav kay tibebe](#), pèt memwa oswa letaji, ak mwazi, enkli mazisi ki rele *Stachybotrys chartarum* (*Stachybotrys atra*). Yo bezwen envestige kesyon sa a plis pou etabli kòz emoraji idyopatik grav ansanm ak lòt efè negatif sou lasante.

## Mwazi ak Kay ou

Yo konn jwenn mwazi alafwa anndan ak andeyò kay. Mwazi gendwa antre lakay ou grasa pòt ak koridò ki louvri, fenèt, bouch vantilasyon, sistèm lèkondisyone oswa chofaj. Mwazi ki nan lè deyò a gendwa poze kò li sou rad, soulye, sak ak bèt domestik epi yo gendwa antre andedan kay yo.

Mwazi gendwa pouse tout kote ki gen anpil imidite, tankou toutotou dlo k ap koule anba twati yo, akote fenèt oswa tiyo oubyen kote ki te gen inondasyon. Mwazi konn pouse byen sou papye, katon, mozayik nan plafon ak bwa. Mwazi yo pouse byen tou nan pousyè, penti, papye pent, klwazon sèch (drywall), tapi, tisi ak ranbouraj (upholstery).

## Ou kapab Kontwole mwazi

Andedan kay ou, ou kapab kontwole pou mwazi pa pouse lè w:

- Kontwole nivo imidite yo;
- Repare touswit twati, fenèt ak tiyo ki gen twou ladann;
- Byen netwaye ak seche apre yon inondasyon;
- Ayere zòn douch, lesiv ak kwizin lan.

Si gen mwazi k ap pouse lakay ou, se pou w netwaye mwazi a *epi* w ranje pwoblèm imidite an. Ou kapab retire tout mwazi ki sou sifas di grasa produi komèsyal, savon ak dlo oubyen ak [klowòks](#) ki pa gen ladann plis pase 1 tas pou chak galon dlo.

Mwazi k ap pouse souvan sanble tankou tach sou mi, epi li gendwa gen divès koulè, e li ka gen yon sant tankou mwazi. Si ou kapab wè oswa santi mwazi a, sante w gendwa menase. Ou pa bezwen konnen ki kalite mwazi k ap pouse lakay ou, epi CDC pa rekòmande ni li pa fè etid woutin echantiyon pou mwazi. Kèlkeswa kalite mwazi an, se pou w retire l. Akoz mwazi gendwa prodwi efè ki varye anpil pou chak moun, swa akòz kantite oubyen kalite mwazi a, ou pa kapab baze w sou echantyonaj ak kilti pou w kapab deside si sante w menase. Epitou, yon bon echantyonaj pou mwazi gendwa koute anpil lajan, epi estanda pou kapab jije sa ki yon kantite mwazi ki akseptab ak sa ki pa akseptab poko fikse. Pibon pratik la se pou retire mwazi an epi travay pou anpeche li retounen pi devan.

Si w chwazi itilize klowòks pou netwaye mwazi a:

- Pa janm melanje klowòks ak amonyak oubyen ak lòt produi netwayan pou kay. Si w melanje klowòks ak amonyak oubyen ak lòt produi netwayan, sa gendwa kreye vapè ki danjre ak toksik.
- Ouvri fenèt ak pòt yo pou kite lè fre antre.
- Mete gan ki pa kite likid antre ak linèt pou pwoteje zye w.
- Si zòn ou vle netwaye a pi gwo pase 10 pye kare, konsilte gid Ajans Pwoteksyon Anviwònman Etazini (U.S. Environmental Protection Agency, EPA) ki rele *Mold Remediation in Schools and Commercial Buildings* (*Kijan pou retire mwazi nan lekòl ak nan imèb komèsyal*). Byenke gid la konsantre sou lekòl ak bilding komèsyal, dokiman sa a aplikab tou pou lòt kalite bilding. Al gade sit entènèt EPA a nan [http://www.epa.gov/mold/mold\\_remediation.html](http://www.epa.gov/mold/mold_remediation.html).
- Toujou swiv enstriksyon fabrikan an lè w ap sèvi ak klowòks oubyen ak nenpòt ki lòt prodwi netwayan.

## KONSEY POU ANPECHE MWAZI ANTRE LAKAY OU

- Kenbe nivo imidite a ba jan ou kapab — pa plis pase 50% — tout lajounen. Yon èkondisyone oswa yon dezimidifyan kapab ede w kenbe nivo a ba. Pa bliye nivo imidite yo konn chanje an 24 èdtan epi imidite ki nan lè a ak tanperati a gendwa chanje, kifè ou dwe tcheke nivo imidite a plizyè fwa chak jou.

- Asire ke kay ou byen ayere. Itilize vantilatè sòti ki evakye lè a andeyò kay ou nan kwizin ak nan saldeben. Asire w machin pou seche rad la evakye lè andeyò kay la.
- Repare kèlkeswa fwit nan twati, nan mi oswa nan tiyo lakay ou kidonk mwazi yo pa p jwenn imidite pou yo kapab pouse.
- Netwaye epi seche kay ou byen ak rapidman (anvan 24–48 èdtan) apre yon inondasyon.
- Ajoute inibitè kont mous nan penti yo anvan ou kòmanse pentire.
- Netwaye saldeben ak prodwi ki tiye mwazi.
- Retire oswa ranplase tapi ak ranbouraj ki te mouye epi ki pa kapab seche rapidman. Eseye pa itilize tapi nan pyès oswa nan zòn ki gen saldeben oswa nan kav ki gendwa gen anpil imidite.
- Si w vle jwenn plis enfòmasyon sou fason pou anpeche mwazi antre lakay ou, al gade tiliv Ajans Pwoteksyon Anviwònman an [A Brief Guide to Mold, Moisture, and Your Home](http://www.epa.gov/mold/moldguide.html) Yon Gid rapid sou mwazi, imidite ak Kay ou nan <http://www.epa.gov/mold/moldguide.html>.